

# 5 Bagay Ou Dwe Konnen Kònsènan Diskriminasyon ki gen Rapò ak Andikap nan Travay

- 1 **Lwa New Jersey Kont Diskriminasyon ("LAD") entèdi diskriminasyon ki baze sou andikap ak asèlman nan travay.** Yon anplwayè pa ka fè diskriminasyon kont ou selon yon andikap aktyèl oswa yo panse pandan yon anbochaj, travay, ak lè w ap deside kite travay la. Kòlèg travay yo, sipèvizè yo, ak kliyan yo pa kapab fè diskriminasyon kont ou oswa anmède w akòz andikap ou oswa yon manm fanmi w.
- 2 **Asèlman ki baze sou andikap ilegal daprè LAD la.** Asèlman ki baze sou andikap enkli pawòl agresif, derespektan, oswa entimidasyon, jès ofansif, oswa denigreman. Anplwayè yo dwe pran mezi pou yo sispann epi konbat asèlman ki baze sou andikap atravè kòlèg travay ak kliyan yo si yo konnen oswa yo ta dwe konnen ou viktim asèlman.
- 3 **Anplwayè w la pa kapab refize anboche w, revoke w, peye w mwens, oswa diminye benefis ki baze sou yon andikap aktyèl oswa yon moun panse.** Yon anplwayè pa ka trete w yon fason diferan koz yon andikap aktyèl oswa yo sispèk si w kapab egzèse yon fonksyon esansyèl nan travay ou avèk ou oswa san yon aranjman rezonab. Sa vle di w gen dwa pou yo trete w menm jan an epi resevwa menm kalite travay, fòmasyon, pwomosyon, ak lòt benefis ak lòt anplwaye ki gen menm pozisyon travay oswa ki similè.
- 4 **Li entèdipou anplwayè yo egzije w yon egzamen medikal anvan yo fè w yon òf travay.** Anplwayè yo ka sèlman mande yon egzamen medikal apre yo fin fè w yon òf epi se sèlman si tout moun ki anboche pou menm travay la gen pou sibi egzamen an. Anplwayè yo pa kapab anile yon òf travay si yon egzamen medikal revele ou gen yon andikap ki pa p anpeche w fè travay ou.
- 5 **Anplwayè yo oblige fè aranjman rezonab pou andikap ou a si patwon an te konnen oswa ta dwe konnen sou andikap ou a epi aranjman an pa pral lakòz yon gwo difikilte pou antrepriz la.** Amenajman yo ka gen ladan kreye yon espas travay ki aksesib epi itilize pou moun ki gen andikap, modifie orè travay yo, chanje kote travay yo, bay konje pou tretman, epi bay oswa chanje ekipman ki nesesè pou egzekite travay la. Amenajman yo pa ka baze sou yon kwayans oswa sipozisyon sou yon andikap.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, ale nan [NJCivilRights.gov](#) oswa rele 1.833.NJDCR4U. Depatman Dwa Sivil yo (DCR) aplike LAD, ki pwoteje tout moun kont diskriminasyon nan NJ kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon an. Pou aprann plis, klike [isit](#).

*LAD la pwoteje w kont vanjans. Pèsonn pa ka vanje kont ou paske ou rapòte yon vyolasyon LAD; depoze yon plent pou diskriminasyon, anndan DCR, oswa nan tribinal; oswa egzèse nenpòt lòt dwa anba LAD la.*

Disponib nan lòt lang nan [Seksyon resous](#) nan sitwèb DCR a.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, ale nan [NJCivilRights.gov](#) oswa relel **1.833.NJDCR4U**



Biwo Pwokirè Jeneral NJ  
[NJCivilRights.gov](#)

 **NJ CIVIL RIGHTS**  
DIVISION ON  
CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StandUpAgainstHate

